Hunhu hwakanaka pachikoro

Kagwaro kano kanopa nzira dzinoita kuti zvikoro, vabereki nevadzidzi vabatsirane

Kuti vatsigire vana vavo nechikoro, vabereki vanofanira:

- kutsvaga kuziva mashandiro anoita chikoro pane zvekusimudzira hunhu hwakanaka nekuchitsigira
- kukurudzira vana vavo kuti vateerere mirawo yechikoro nekuremekedza vamwe vadzidzi, vashandi vepachikoro nemidziyo yechikoro
- kuona kuti vana vavo vane zvose zvinodikanwa kuti vashandise kuchikoro uyewo kuti vaita basa ravo rechikoro rinoitirwa kumba
- kukurumidza kugadzirisa zvichemo zvinopiwa nechikoro
- kuedza nekwose kwavanogona kuuya kumisangano yevabereki yemanheru, misangano yekuona kushanda kuri kuita vana nemisangano yezvemabasa
- kuva nechikamu chekuita mune zvechikoro
- kubata vashandi vepachikoro neruremekedzo rwavanotarisirawo kupiwa ivo
- kuzivisa chikoro nekukurumidza kana vane chichemo pamusoro pevana vavo

Kuti zvibatirane pamwe nevabereki nevadzidzi, zvikoro zvicha-:

- -va nzvimbo inogamuchira vanhu zvakanaka uyewo yavanochengetedzeka, isina njodzi
- -bata vadzidzi zvakanaka uyewo nekuvaremekedza
- -raira vadzidzi kuti vangaite sei kuti vabudirire
- -tsigira vadzidzi kana vachifuviswa kana kufurufushwa uyewo kana vane mamwe matambudziko anenge achivakanganisa muzvidzidzo zvavo
- -udza vabereki pamusoro pezvose zvine chekuita navo kana vana vavo

- -shanda nevabereki pakuita zviri muurongwa hwazvo
- -koka vabereki nevana kuti vave nechekuita pasarudzo dzinokosha pamusoro pezvidzidzo zvavo
- -udza vabereki nekukurumidza pamusoro pezvichemo zvose
- -chagadzirisa zvichemo zvinounzwa nevabereki kana vana nemwoyo une hanya

Kuti vabatsirike kubva kuchikoro, vadzidzi vanofanira:

- kuuya kuchikoro mazuva ose uye nenguva
- kuuya kuchikoro nezvose zvinodikanwa uye vakaita basa ravo rinoitirwa kumba
- kudzidza, kunzwisisa, nekuteerera mirawo yechikoro
- kushanda sekugona kwavo kwose muchikoro
- kuremekedza kodzero dzevamwe vadzidzi kuti vadzidze uyewo nebasa revadzidzisi rekudzidzisa
- kutamba zvakanaka zvisina njodzi pabhureki nekusaita chipi nechipi zvacho chinogona kukanganisa kana kukuvadza vamwe
- kubata vamwe vadzidzi neruremekedzo kwete kuvafurufusha
- kuremekedza midziyo yechikoro

Chinangwa chekagwaro kano

Vabereki, vadzidzi nevashandi vanofanira kuziva nzira dzavangabatsirane nadzo. Kagwaro kano kanoratidza kuti izvi zvingaitwe sei.

Kana vabereki, vadzidzi nevashandi vakashanda pamwechete, hunhu hwakanaka hunogona kuzoumbika.

Kufambidzana nguva nenguva pakati pechikoro nekumba sezvakarongwa mukagwaro kano, zvinobatsira kuti vabereki, vadzidzi nevashandi vatauririrane.

Kana divi rimwe nerimwe rikaita zvarinotarisirwa, matambudziko anokonzerwa nehunhu hwakaipa haazotarisirwe kuti amuke. Ayo anomuka, anofanira kugadziriswa nenzira inoratidza ukama hwakanaka.